

JODI A LEKRITI SA AKONPLI



Jis rete kanpe, si nou vle, pandan nou bese tèt nou pou yon mo priyè.

2 Chè Papa ki nan Syèl la, nou rekonesan aswè a pou sa, yon lòt okazyon pou vini epi prezante Levanjil Jezikri gloriye, mèveye sa a. Nou remèsye W paske Li toujou rete menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou remèsye W pou moun sa yo ki rasanble isi a nan moman fredri sa a, e ki ankò nan yon gwo atant, k ap gade, ki kwè ke Bondye pral ba nou yon bagay ekstraòdinè. Nou vini avèk lespwa sa, Seyè, nan chak reyinyon. Nou di W mèsi pou sèvis yo, avan yè swa, nan tabènak la; nou di W mèsi pou sèvis la isi a yè swa, ak pou sèvis la jodi a, nan tabènak la. N ap atann kounye a kisa W pral genyen pou nou aswè a.

3 Papa, nou konnen ke nenpòt moun ki kapab bouje men yo ta ka tounen paj Bib yo, men gen sèlman Youn Ki ka fè Li viv epi reyèl, e se Ou. E, Papa, n ap tann pou W fè sa aswè a. Beni nou nan tout sans. Kè nou tèlman ranpli ak lajwa kòm nou wè tan an ap pwoche lè nou pral rankontre L, fas a fas, Sila ke nou te renmen e ke nou te viv pou Li tout lane sa yo.

4 Anpil nouvo konvèti, Seyè, te fèt. Mwen konprann se yon gwo lame, karant oswa senkant, dwe batize nan Non Ou, demen maten, apre sèvis yè swa a. O Bondye, tanpri kontinye, nou priye, jiskaske chak Semans predestine Bondye wè Limyè Levanjil la, epi antre nan twoupo a.

5 Nou mande W pou kache nou aswè a dèyè Pawòl la; avegle nou pou bagay lemonn yo, epi kite nou wè Jezi. Ke gen yon eksperyans Mòn Transfigirasyon nan mitan nou, aswè a, pou ke nou pa wè okenn moun eksepte Jezi sèlman. Nou mande l nan Non Li, e pou glwa Li e kòm konfimasyon Levanjil Li a. Amèn.

Nou mèt chita.

6 Mwen jis pral vire mikwo sa, oswa chè sa, jis yon ti kras sou kote, si se kòrèk, pou m ka wè toulède kote oditwa a. Mwen sipoze mwen ka remèt an plas mikwofòn sa yo ki isi a. Dakò, jis yon moman.

7 N ap salye, apati de sal prensipal la isi a aswè a, zanmi nou yo nan Arizona, Kalifòni, Texas, ak atravè peyi Etazini, pa mwayen telefòn. Sa—sa ap difize nan tout peyi a, sèvis sa aswè a, pa mwayen telefòn, kifè nou gen konfyans ke Bondye va beni nou.

8 Èske nou ka tandè, laba a nan sal la—la, bò gòch la? Dakò, yo pral tcheke kounye a sistèm telefòn lan, pou wè si l ap mache byen.

9 Tout moun kontan aswè a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ann di, sa se fòmidad! Sou bò *sa a*? [“Amèn.”] Amèn. Mwen tèlman kontan pou m wè ke nou tout chita alèz.

10 E bon demen swa, si foul moun yo kontinye ap ogmante, y ap relye nan telefòn dirèk tou. Se deja sa aswè a. Mwen panse gen kèk moun laba a nan tabènak la.

11 Epi, demen maten, sèvis yo pa ka fèt nan tabènak la, paske . . . pral gen yon machann flè la k ap dekore legliz la pou yon maryaj demen apremidi. Epi yo transfere sèvis maten yo—yo, nan legliz Frè Ruddell la, youn nan asosye nou yo, e se sou otowout la—la isi a, 62 a. Èske sa te anonse? [Frè Neville di: “Wi.”—Editè a.] Yo te anonse sa. Epi, si l debòde laba a, nou va pran sa yo ki rete a epi nou va voye yon lòt minis kay Frè Junior Jackson, laba a nan Clarksville. Rezon ki fè nou fè l kay Frè Ruddell la, li toupre isi a, e nou ka . . . e nou te panse ou te ka jwenn sa pi fasil. Epi nou pral ranje sa nan kèk fason. Epi asire nou ke nou fè tout batèm sa yo demen, e mwen espere ke pral gen yon lòt san oswa de lòt ki ajoute sou sa yo pou batèm demen an. E kounye a demen swa . . .

12 Mwen pa janm renmen anonse davans sijè yon predikasyon, men yon jou swa pandan sèvis la, oswa yon jou, mwen vle pale sou sijè: *Kimoun Mèlkisedèk Sa Ye?* Paske, se yon—yon sijè ke m panse n ap viv nan tan kote revelasyon sa yo, se kesyon ki te poze pandan tout laj la, konsènan: “Kimoun Kanramad sa a ye?” E mwen kwè ke Bondye gen repons lan, Kimoun Li te ye. Gen kèk ki di “yon prètriz,” gen kèk ki di “yon wa,” kèk . . . Men dwe gen . . .

13 Toutotan gen yon kesyon, dwe gen yon repons pou kesyon sa, ki kòrèk. Pa ka gen yon kesyon san pa gen yon repons an premye.

14 Kounye a, nou gen konfyans ke Bondye pral ba nou yon benediksyon aswè a nan Pawòl Li, pandan n ap li Li.

15 E nou te gen . . . Billy te di m pou di nou ke se sèten nou te gen yon bon kolaborasyon ak moun yo isi a k ap asiste nan pakin lan, lapolis ak tout bagay. Kontinye; se trè, trè byen.

16 Nou espere wè moman an, petèt nan yon lavni ki pwòch, lè petèt nou te ka mennen tant lan isi a nan vil la epi monte l isi a nan estad bezbòl la, kote nou te ka rete pou kèk tan, petèt pandan twa oswa kat semèn, revèy, san rete. E isi a nou jis apèn rive konnen youn lòt, epi apre sa nou dwe di orevwa epi nou repati ankò. Men mwen ta renmen vini epi rete nan yon vwayaj ki long, yon fwa kote w te ka rete pou nou pa gen pou fèmen nan yon sware oswa de, men jis rete epi anseye, lajounen kou lannwit, lajounen kou lannwit, ankò e ankò. Petèt yon moun al lakay li epi nouri poul yo, rale lèt vach yo, epi retounen semèn pwochèn epi kontinye ak sèvis la. Mwen—mwen renmen sa. Alò ke Seyè a avèk nou.

17 Bon, anvan m pati, petèt dimanch maten oswa dimanch swa, oswa nenpòt moman, nan youn nan sèvis sa yo, mwen konnen nou tout ap tann pou tande Mesaj sou Laverite konsènan *Maryaj Ak Divòs*, ki se youn nan gwo pwoblèm nan jou an. E mwen jis osi sèten ke mwen kanpe isi a, mwen kwè ke repons kòrèk la nan Pawòl Bondye a, e mwen kwè ke se pou sa m te pwomèt pou m retounen.

18 E mwen panse, ak sa m konnen, dapre sa mwen konnen, mwen vle gen yon lòt sèvis isi a nan Jeffersonville, nan Dimanch Pak, epi nou va . . . pou sèvis solèy leve, epi answit Dimanch Pak. Alò nou va anonse l davans epi eseye petèt jwenn oditoryòm lan, si sa posib, oswa yon kote, pou dimanch, petèt nou ka vini samdi ak dimanch. Mwen dwe fè vwayaj la ale retou nan avyon, paske se tou pre moman an . . . Mwen dwe tcheke li, dabò, ak orè m genyen an, e youn nan itinerè mwen—mwen—mwen pou Kalifòni. Epi, imedyatman apre sa, mwen dwe pati an—an Afrik. Kifè kenbe kontak epi priye pou nou.

19 Kounye a, aswè a, mwen vle atire atansyon nou sou yon pòsyon Pawòl Bondye a, ki twouve li nan chapit 4 Sen Lik la. Chapit 4 la ak vèsè 16 la, li pral kòmanse, Jezi ap pale.

. . . *Jòdi a, pandan n ap tande Pawòl ki ekri la a, li rive vre.*

20 Kounye a nou vle tire, apati de Sa, yon konklizyon sou kouman Pawòl Bondye a dinamik! Kounye a, nou tout ka arive konprann mekanik yo, men sa pran Dinamik yo pou fè Li mache.

21 Nou ka arive konprann ki sa mekanik yon machin ye, yon otomobil, men answit sa pran dinamik yo pou fè wou yo ap fonksyone epi ap bouje.

22 Kounye a, Jezi te retounen nan—nan Nazarèt, kote L te leve. Si n kontinye pi ba nan Lèzekriti isi a, nou jwenn ke yo te di: “Nou te tande Ou te fè *tèl tèl bagay* lòtbò a nan Kapènawòm. Kounye a kite nou wè W ap fè sa isi a nan Pwòp peyi Ou.”

23 Jezi di: “Yon—yon pwofèt pa san lonè eksepte nan pwòp patri l.” E, natirèlman, se la ou te leve, epi kote moun yo konnen w. E la Li te gen yon—yon—yon move non, pou kòmanse, paske Li te fèt san yon papa terès. Yo te rele L “yon timoun ilejitim,” ke Mari te ansent an reyalye anvan li te marye, ofisyèlman, ak Jozèf. Men, se pa konsa, nou konnen se pa konsa.

24 E sou Ekriti sa, kisa ki te lakòz m fè je m tonbe sou sa, se te yon bagay ki te pase jis dènyèm nan Phoenix, Arizona. Se te dènye jou a, nan sèvis la kote m te dwe pale nan Konvansyon Entènasyonnal Mesye Biznis Plen Levanjil yo.

25 E nan konvansyon sa a te gen yon vizitè avèk nou, ki te yon evèk Katolik, ki se—se nan “Rit Kaldeyen legliz Katolik Apostolik yo; Trè Reveran John S. Stanley, O.S.D.” Li se

“achevèk metwopoliten Etazini,” nan legliz Katolik la. Sa te rive se te kat li ak—ak adrès li.

²⁶ E li te yon vizitè pami Biznis Menn Kreyen yo, e mwen te wè l la, jou anvan an. Epi lè m t ap pale samdi swa, mwen kwè se te sa, oswa samdi maten nan dejene a, e mwen . . . Pandan m t ap pale, li pat sispann gade m. M te panse: “Nonm sa sètènman pa dakò ak tout sa m di.” Epi, ou konnen, ou te ka—ou te ka jis wè l; li pat sispann bese epi leve tèt li, men mwen pa t konnen kisa egzaktman ki te jis ap travay sou li.

²⁷ Kifè nan dimanch apremidi, lè m te leve pou m pale, m ta pral pran tèks mwen sou *Doulè Akouchman*, kote Jezi te di, ke, “tankou yon fanm ki gen tranche,” li gen tranche pou akouche. E alò mwen ta pral sèvi de sa pou pale, kòm sijè, *Doulè Akouchman*, k ap di ke mond lan nan doulè akouchman kounye a. Ansyen an dwe disparèt, pou ke nouvo a ka fèt; jis tankou yon—yon semans dwe pouri, pou l ka bay yon nouvo lavi.

²⁸ E ala doulè yo, ala doulè akouchman ki te frape mond lan! Nan Premye Gè Mondyal, li te gen yon doulè terib, paske yo te gen gaz anpwazonnen, e latrkiye, ki prèske te ka detwi mond lan. Epi nan Dezyèm Gè Mondyal la, li te frape pa yon lòt, doulè pi rèd; yo te gen gwo gwo bonm eksplozif yo, epi tou yon bonm atomik. Li pa ka sipòte yon lòt doulè tranche. Avèk misil sa yo ak bagay sa yo jodi a, yon gè ankò pral voye l jete nan lesplas, paske li pral akouche kounye a. E pral gen yon nouvo tè. Bib la di pral genyen.

²⁹ Anba chak Mesaj pwofèt, Izrayèl te gen yon doulè akouchman, paske pwofèt sa yo t ap vini sou sèn lan apre teyolojiyen yo ak manm klèje yo ta antrene tout legliz la nan yon fòm òganizasyon. E lè pwofèt sa yo vini sou sèn lan avèk ENSI DI SEYÈ A, yo te sekwe legliz sa yo, e li te gen yon doulè akouchman. Finalman, li te gen doulè akouchman jiskaske li te akouche yon Pitit Levanjil la, ki te Pawòl la Limenm ki te fè L chè.

³⁰ Kifè legliz la vrèman nan doulè akouchman aswè a, ankò, pou akouche Pitit la, Pitit Bondye a pou vini ankò. Tout teyolojiyen nou yo, tout sistèm nou yo, tout denominasyon nou yo, te pouri drèt anba nou. Kifè nou nan doulè akouchman, e yon Mesaj ki sot kot Bondye toujou mete legliz la nan pi gwo doulè, men apre yon ti tan li pral akouche yon Epouz. Sa va mennen Jezikri bay Lepouz Li.

³¹ Epi, alò, mwen te panse ke nonm sa a pat dakò avè m anpil konsa. Lè m te leve kanpe pou m pale Mesaj sa, mwen te louvri Bib mwen an, pou jwenn paj la.

³² E madanm mwen te fèk ban mwen yon nouvo Bib, pou Nwèl. Ansyen Bib mwen an gen apeprè kenz an, e bagay la te jis prèske dechire an miyèt moso. Paj yo, chak fwa ke m te louvri l, te vole soti ladan l. Epi, men mwen te konnen jis ki kote pou m jwenn

chak Ekriti, kifè mwen te byen etidye nan Bib sa. E m te jis pran nouvo a, paske lòt la te parèt tèlman chire, pou al legliz avè li.

³³ E lè m te kòmanse vire nan Sen Jan, kote Lekriti a te ye a, m te kòmanse li chapit 16 la, epi vèsè ke m t ap cache a pa t la. Alò m te panse: “Se dwòl!” M te retounen ankò; li toujou pat la.

³⁴ Epi Frè Jack Moore, ki soti Shreveport, Lwizyàn, yon bon zanmi m, li te chita la. Mwen di: “Frè Jack, èske yo pa jwenn sa nan Sen Jan 16?”

Li di: “Wi.”

³⁵ Epi prèt Katolik sa te leve soti sou chèz li, pami apeprè yon santèn manm klèje ki te chita sou lestrad la; li te mache vin toupre m, ak tout wòb li yo, ak soutàn li yo, ak kwa li yo, e latriye, epi li te rive dwat toupre m. Epi li te di: “Pitit gason m, rete fèm. Bondye ap pare pou l bouje.”

M te panse: “Yon evèk Katolik k ap di m sa?”

Li di: “Li sa nan Liv mwen an.”

³⁶ E m li Ekriti a nan Liv li a, e m te pran tèks mwen an epi m te kontinye, m te preche sèmon mwen an.

³⁷ Apre sa, lè m te fini, li te leve apre m te fin ale, epi li di: “Gen yon sèl bagay ki dwe rive. Apre sa, legliz la dwe soti nan dezòd ke li ye a, oswa nou dwe soti nan dezòd legliz la ye a.” Kifè, youn ou lòt.

³⁸ E m te sou wout pou m al lakay mwen, pou retounen desann Tucson, jou swa sa. Timoun yo t ap mande yon sandwich, e m te kanpe pou m pran yon sandwich nan yon ti kyòs. Epi madanm mwen te di: “Bill, mwen pat janm sou nè konsa nan tout vi m, pou wè w kanpe la ap fouye nan Bib sa.” Li di: “Èske sa pat fè ou sou nè?”

³⁹ Mwen di: “Non.” Mwen di: “Mwen te konnen li te anndan la yon kote. Yo jis pat fè paj la antre. Se yon erè nan enprime a.”

⁴⁰ Epi li di: “Pou panse, ke se mwen ki te achte Bib sa pou ou! Li te sanble tankou tout je te fikse drèt la sou mwen.”

⁴¹ Epi m te di: “Ebyen, ou pat ka anpeche sa. Sa se te yon erè nan enprime Bib la.” Mwen di: “Yo jis pa janm mete paj la anndan an.”

⁴² Ebyen, m te desann epi m te gade l ankò, jis pafè jan sa te ka ye; men chapit 16 la fini, pòsyon, pòsyon an ladan li jis apeprè twa pous apati de anba a, sou lòt bò a nan chapit 17 la, li fè menm bagay la. E, kòm se te yon nouvo Bib, de paj sa yo te kole pafètman ansanm, e m t ap li nan chapit 17 la olye de chapit 16 la. “Ebyen,” mwen di: “tout sa bon. Se pou yon rezon.”

⁴³ E jis osi klè ke ou te ka tandè nenpòt vwa, yon Vwa vin jwenn mwen, epi di: “Li te antre nan Nazarèt, kote L te leve a; epi Li te antre nan sinagòg la, jan sa te ye nan abitud Li. Epi prèt la te ba Li Ekriti yo pou li, e Li te li Ezayi 61. E lè Li te li Ekriti yo, Li te

chita; Li te remèt prèt la Bib la, Liv la, epi L te chita. Epi tout je kongregasyon an te sou Li. E Pawòl presye te soti nan bouch Li. Epi Li di: ‘Jodi a Ekriti sa akonpli.’”

“Jodi a Ekriti sa akonpli.”

⁴⁴ Ala Lekriti a egzak! Si w ap remake sa nan Ezayi 61:1 a 2, se apati de kote Seyè nou an t ap li a, Ezayi 61:1 a 2. Men nan mitan vèsè 2 Ezayi 61 an, Li te kanpe. Kote li di: “Lespri Seyè a sou Mwen; pou pibliye yon ane gras” lèfini Li te kanpe. Poukisa? Lòt pati a, pou pote jijman, pat aplike pou premye vini Li, men pou dezyèm Vini Li. Ou wè, li pat aplike la. Ala Ekriti yo pa janm fè yon erè! Yo toujou pafè. Jezi te kanpe jis kote Lekriti a te kanpe, paske se te egzakteman sa ki te dwe konfime nan jou pa L la, alò, nan premye vini sa. Nan dezyèm Vini an Li pral pote jijman sou tè a; men se pa nan epòk sa. Li te dwe “preche ane gras la.”

⁴⁵ Remake Mesi a te kanpe sou lestrad la, pou idantifye Tèt Li ak Pawòl pwomès la pou laj sa. Ala etranj, Mesi a te kanpe devan legliz la! Epi konsidere Pawòl presye sa yo, lè Li di la: “Pou preche ane gras la.”

⁴⁶ “Ane gras la,” jan nou tout konnen, antan ke lektè Bib la, se te “ane jibile a.” Ke, lè tout esklav yo ak prizonnye yo, jan yo te ye a, yo te fè yo prizonnye; e yo te dwe bay yon pitit gason, pou peye yon dèt; oswa yon pitit fi, pou peye yon dèt, [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] e yo te nan esklavaj. Pe enpòt konbyen tan yo te nan esklavaj, oswa konbyen tan yo te sipoze rete la; lè ane a rive, nan jibile a, lè twonpèt la te sonnen, tout moun te ka ale lib si l te vle ale lib. [Pati vid sou kasèt la.] Ou lib. Ou pa t esklav ankò.

⁴⁷ Men si w te vle rete yon esklav, alò yo te dwe mennen w desann nan tanp lan, kanpe bò poto tanp lan, epi yo te pran yon pwent pik epi yo te pèse yon twou nan zòrèy ou, e lè sa ou te dwe sèvi mèt sa pou rès jou w yo.

⁴⁸ Ala yon egzanp pafè sa ye de Levanjil Jezikri a! Lè yo te preche L, tan lagras la, ak tan Jibile a; nenpòt moun, kèlkeswa moun ou ye a, ki koulè ou ye, ki denominasyon ou fè pati, jouk ki kote ou anfonse tèt ou nan peche, oswa ki sa k pa bon avèk ou; ou ka ale lib lè w tande twonpèt Levanjil la sonnen. Ou lib!

⁴⁹ Men si w vire do w bay Mesaj la epi refize tande L, remake, yo te pèse w nan zòrèy la, avèk yon pwent pik. Sa vle di, pou di, ke ou janbe liy ant lagras ak jijman, e ou p ap janm tande Levanjil la ankò. Ou p ap janm rive pi lwen. Ou dwe yon esklav sistèm ou ladann lan, pou rès jou w yo, si w refize tande ane akseptab la.

⁵⁰ Kounye a, lòt pati nan li a, jan m te di a, pat bezwen reponn, paske Mesi k ap vini sa a, yon tan kounye a, se lè Li pral pote jijman an.

⁵¹ Kounye a, ki jan moun sa yo te ka janm echwe pou yo wè Ki moun Li te ye? Kijan yo te janm rate sa? Kijan sa te ka fèt, alòske

yo te si tèlman fè konnen l epi montre li klè? Kijan yo te ka janm manke wè? Lè Li. . .

52 Ala yon Pawòl! Panse a sa: “Jou sa a Ekriti sa akonpli devan je nou.” Ki moun ki te di l? Bondye Limenm, Ki se entèprèt Pwòp Pawòl Li. “Jou sa Ekriti sa akonpli.” Mesi a, Limenm, ki te kanpe nan prezans kongregasyon an epi li yon Pawòl nan Bib la, ki konsène Limenm, epi apre sa L di: “Jodi a Ekriti sa akonpli,” e yo toujou echwe pou yo wè Li.

53 Ala yon trajedi ke sa t ap ye, men sa te rive. Sa te rive anpil fwa. Kijan sa te ka rive? Natirèlman, tankou l te fè l nan lòt tan yo, nan kwè entèpretasyon lòm pou Pawòl la. Se sa ki te lakòz li. Kwayan sa yo nan epòk sa yo, swadizan kwayan yo, t ap pran entèpretasyon de sa prèt la te di sou Lekriti a. Se poutèt sa Jezi, Ki pa fè pati okenn nan ran yo oswa sosyete yo, yo te ekskominye L sot nan konpayi yo.

54 E, se poutèt sa, yo pat ka idantifye L avè yo, paske Li te diferan de yo. Moun Jezikri a te sitèlman inik ke pèsonn pa ta dwe manke wè ke sa se te Pitit Bondye a, paske Li te idantifikasyon pafè a nan Lekriti ki te ekri sou Li a.

55 Se fason sa a yo idantifye tout Kreyen, lè lavi l idantifye bagay yo menm ke Kreyen an sipoze fè.

56 Kijan Li te ka kanpe la epi di: “Jodi a Ekriti sa akonpli drèt devan je nou!” Ala sa te eksepsyonèl, ala sa te tèlman klè, e poutan moun sa yo te mal konprann. Poukisa? Se paske yo te aksepte entèpretasyon yon sèten klas sakrifikatè ke yo t ap koute.

57 E listwa toujou repete tèt li. Epi Lekriti gen plis ke yon siyifikasyon ak plis ke yon revelasyon ki atache ak Li.

58 Pa egzanp, tankou sa di nan Bib la, ke, “Mwen te rele pitit gason M lan soti nan Lejip,” sa refere a Jezi. Konsilte nòt ki nan maj la, e ou va wè ke sa refere a Jakòb tou, menm Ekriti a. Jezi te pi gran Pitit Gason L. Jakòb se te pitit gason Li ke Li te rele soti nan peyi Lejip, ke referans Scofield la ak tout lòt referans yo bay sou li, paske se a Lekriti li t ap refere a. Kifè li te gen yon—yon doub akonplisman; li te gen yon akonplisman pou Jakòb ki te aple pou l soti, ak pou Jezi ki te aple pou L soti.

59 E se konsa li ye jodi a! Se poutèt sa nou nan yon konfizyon jan nou ye a, epi moun yo echwe pou wè Verite Bondye a, se paske gen twòp entèpretasyon lòm fè de Pawòl Bondye a. Bondye pa bezwen pèsonn pou entèprete Pawòl Li. Li se Pwòp entèprèt Li.

60 Bondye te di, nan konmansman an: “Se pou gen limyè,” epi te gen limyè. Sa pa bezwen yon entèpretasyon.

61 Li te di: “Yon vyèj va vin ansent,” e li te vin ansent. Sa pa bezwen okenn entèpretasyon.

62 Lè. . . Entèpretasyon Bondye a de Pawòl Li se lè Li konfime epi pwouve se sa L ye. Sa se entèpretasyon Li, nan fè L rive.

Se la entèpretasyon Bondye a ye, se lè Li fè Pawòl Li rive. L ap entèprete Li pou ou.

⁶³ Tankou si pat janm gen limyè, e Li te di: “Se pou gen limyè,” e te genyen, sa pa bezwen pèsonn pou entèprete l.

⁶⁴ Men nou gen sistèm ke lèzòm fè ki melanje ladan L, epi, lè w fè sa, ou—ou fè L soti nan liy lan. Li te toujou konsa.

⁶⁵ Men mwen toujou panse kijan sa te dwe frapan. Panse a sa, Mesi a! Poukisa yo te echwe pou yo wè Li? Paske, lidè yo menm ki ta dwe konnen L, ki ta dwe vèse nan Lekriti, ki ta dwe gen konprann pou Lèzekriti, yo te rabese Nonm sa epi yo te di: “Li se yon timoun ki pa lejitim, pou—pou kòmpanse. Nou pa t ap kwè Sa.”

⁶⁶ Plizyè lane apre, nou pa kwè sa. Nou ta mouri pou koz la pou di ke Li te yon Pitit ke yon vyèj te fèt.

⁶⁷ E sa pral rive yon jou ke, bagay yo menm ke nou wè Jewova ap fè jodi a, lèzòm nan aj k ap vini yo, si genyen, pral mouri pou bagay ke n ap pale a jodi a. Ou pral oblije fè l lè mak bèt la vini, epi ou pa gen dwa preche Levanjil la fason sa. Lè gwo inyon legliz yo vini ansanm, ki annòd kounye a menm pou legliz mondyal la, ou pral dwe sele temwayaj ou ak pwòp vi w, pou Sa.

⁶⁸ Ou dwe kwè Sa kounye a. Si prèt sa yo ki te kondane L la te ka resisite, yo pa t ap kondane L. “Men,” ou di, “si m te la, m t ap fè *tèl tèl bagay*.” Ebyen, se pat laj ou a. Men, sa se laj ou a, sa se tan an.

Ou di: “Ebyen, si Li te isi a!”

⁶⁹ Bib la di: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” menm lan, alò Li isi a. Men, Li isi a. Alòs ke mond lan te sivilize, li vin pi gran, epi pi edike, Li isit la nan fòm Lespri a, ke yo pa ka touye oswa fè L mouri. Li te mouri yon fwa; Li pa ka mouri ankò. Li te dwe fèt chè pou yo fè Bondye mouri nan lachè, pou peche. Men fwa sa Li pa t ka janm mouri; Se Sentespri a.

⁷⁰ Bon, kijan pou panse ke yo te gen bagay sa yo kont Li! Yon lòt bagay, se ke Li pa t vle rantre nan ran yo. Alò, ou wè, sa te toujou fè L yon move moun. Li te refize rantre nan òganizasyon yo—yo a, Li te refize rantre nan pretriz yo a, e Li pa t vle gen anyen pou fè avè l. Epi, anplis de tout sa, Li te eseye demoli sa yo te bati a.

⁷¹ Li te antre nan tanp lan. Nou rele L yon Nonm dou; Li te sa, men anpil fwa nou mal konprann sa dousè ye.

⁷² Li te yon Nonm ki gen konpasyon, men poutan nou echwe pafwa pou nou konprann ki sa konpasyon ye. Se pa senpati imen, se pa sa konpasyon ye. Men, *konpasyon* se “fè volonte Bondye.”

⁷³ Li te pase nan pisin Betèsda a, pòtay la. Anpil moun te kouche la a, yon miltitud ladan yo. Miltitud se yon nonb endetèmine. Men gen yon miltitud moun ki te kouche la a: sa

ki enfim sa ki avèg, sa ki bwete, sa ki paralitik. E Li te gen konpasyon pou moun yo, tout tan. Epi Li te al jwenn yon sèl moun ki pat ni enfim, ni avèg, ni bwete, ni paralitik; petèt li te gen yon pwoblèm pwostat, petèt li te gen kèk ti enfimite ki t ap trennen. Li te genyen l pandan trant uit lane. Sa pa t ap deranje l, li pa t ap touye l. Li te kouche sou yon palèt. Epi Li di: “Èske w vle geri?”

⁷⁴ Epi mesye a di: “Mwen pa gen pèsòn pou mete m nan dlo a, men pandan m ap vini, ebyen, yon moun desann anvan m.” Ou wè, li te ka mache, li te ka wè, li te ka deplase, men li te jis fèb.

⁷⁵ Epi Jezi di l: “Leve kanpe. Pran kabann ou epi al lakay ou.” E yo te poze Jezi kesyon sou sa, paske nou sonje ke Lekriti te di sa.

⁷⁶ Se pa etonan! Si L ta vin Jeffersonville aswè a epi fè yon zak konsa, yo t ap toujou pale de Li.

⁷⁷ Men, sonje, Li te vini pou fè yon sèl bagay, se te volontè Bondye. Kounye a, nou jwenn sa nan Sen Jan 5:19, ou pral jwenn repons lan. Li di: “An verite, an verite, m di nou, Pitit la pa ka fè anyen pou kò L; men sa Li wè Papa ap fè, se sa Pitit la fè.”

⁷⁸ Bon, yo te dwe konnen ke se te konfimasyon menm pwofesi Moyiz la, “Paske Seyè Bondye w la va sisite yon Pwofèt tankou mwen.”

⁷⁹ Èske nou te remake, lè Li te wè mesye a, Li te di . . . Jezi te konnen ke li te nan kondisyon sa depi plizyè lane. Ou wè, kòm etan yon Pwofèt, Li te wè nonm sa nan kondisyon sa; epi L te desann la epi L te fè—te fè chimen L nan mitan moun sa yo, Li te fofile atravè foul la, jiskaske Li te jwenn nonm ki te konsène a.

⁸⁰ Li te pase bò kote sa ki enfim yo, sa ki bwete yo, sa ki avèg yo, ak sa ki paralitik yo, poutan se yon Nonm ki ranpli ak konpasyon. Men, *konpasyon* se “fè volontè Bondye.”

⁸¹ Kounye a, nou jwenn Li, kòm Li te refize jwenn Li avèk yo, Li pa vle gen anyen pou fè nan ran yo, alò Li te yon rejte. Li pa t vle gen anyen . . .

⁸² Anplis de sa, Li te antre nan tanp lan yon jou. Yon Nonm te antre la epi L te jwenn kay Bondye a jis apeprè kontamine jan li ye jodi a. Yo t ap achte, vann, chanje lajan. Epi Li te chavire tab lajan yo; Li te pran kòd epi Li te trese yo, epi Li te fè moun k ap chanje lajan yo soti nan tanp lan ak kout fwèt. Epi L te gade yo ak kòlè, epi L te di: “Sa ekri,” alelouya, “Kay Papa M se yon kay pou lapriye; e nou te fè l yon kavèn pou vòlè. E noumenm, ak tradisyon nou yo, nou fè kòmandman Bondye yo san efè.”

⁸³ O, èske yon bann moun konsa te ka janm kwè nan Li? Non, mesye. Yo te sitèlman woule kou kochon nan labou sosyete yo ak malpwòpte epòk la, jouk yo te tèlman anlize nan zafè eklezyastik jiskaske yo pat ka santi vibrasyon Pwisans Bondye Toupwisan an. Se pa etonan ti madanm lan te ka manyen rad Li epi l te geri

pa Sa; epi yon sòlda sou te ka krache nan figi L epi li pa santi okenn vèti! Sa depann de fason w apwoche Li. Sa depann de sa w ap chache a. Lè w al legliz, sa depann de sa w ap chache a.

⁸⁴ Kounye a nou wè L kanpe la. Pa gen dout ke sa moun yo te deja avèti l, te avèti . . . prèt la te avèti moun yo: “Bon L ap vin isi a jou Saba k ap vini an, e, lè Li fè sa, piga nou koute L. Bon, nou ka byen al chita isi a, men pa fè okenn atansyon a sa Li di, paske Li pa fè pati gwoup nou an. Li se yon rejte. Li pa gen kat asosiyasyon an. Li pa menm gen yon papyè òganizasyon avè L. Li pa gen anyen konsa.”

“Kisa Li ye?”

⁸⁵ “Yon ti gason enpi ki te fèt laba a, pa yon nesans ilejitim, nan kay yon chapantye, ke yon manman te vin ansent Li anvan yo te marye, epi y ap eseye kache bagay la ak kèk bagay sinatirèl.

⁸⁶ “Nou konnen ke, lè Mesi a vini, Li va desann nan koridò Syèl la epi al jwenn gran prèt nou an pou di: ‘Men mwen, Kayif.’” Men nou dekouvri ke Li pat fè l fason sa, paske li pa t ekri nan Pawòl la fason sa. Se te yon tradisyon lòm fè ki te lakòz yo kwè sa.

⁸⁷ Pawòl la te di ke Li t ap vini jis fason Li vini an. Epi men Li te kanpe la, ap li Pawòl la, epi L ap di yo: “Jodi a, Ekriti sa akonpli devan je nou.” E malgretou yo fayi pou yo wè L oswa rekonèt Li, tankou yo te fè l nan tout lòt laj yo.

⁸⁸ Noye te ka di menm bagay la, jou li te antre nan lach la epi pòt la te fèmen. Moyiz te ka leve fenèt sa sou tèt lach la, gade kongregasyon an . . . Sonje, Bondye te fèmen pòt la. E li te ka di: “Jodi a Ekriti sa akonpli devan je nou,” men li te twò ta pou yo lè sa a. Li te preche pandan sanventan, pou l eseye fè yo antre nan bato li te bati a, ap di yo ke Lekriti di: “ENSI DI SEYÈ A, lapli pral tonbe,” men yo te tann twò lontan. Men Noye te ka di byen fasil ke: “Jodi a, nan jounen jodi a, Lekriti a akonpli.”

⁸⁹ Moyiz, menm jou Kolòn Dife a te desann sou Mòn Sinayi a epi konfime temwayaj li a, Moyiz te ka di: “Jodi a Lekriti sa akonpli.”

⁹⁰ Moyiz, nou konnen, se te yon nonm Bondye rele, yon pwofèt. E nan moman apèl li, etan yon pwofèt, li te dwe fè yon eksperyans sinatirèl. Pou l te yon pwofèt, li te dwe rankontre Bondye fas a fas epi pale avè L. Epi yon lòt bagay, sa l te di te dwe rive, osinon pèsonn pa t ap kwè l.

⁹¹ Kifè okenn moun pa gen dwa rele tèt li konsa jouk li te pale fas a fas ak Bondye, dèyè yon dezè yon kote, kote li te rankontre Bondye, limenm. E tout ate yo nan mond lan pat ka elwaye l de sa avèk eksplikasyon yo; li te la, li te konnen sa te rive. Tout Kreyen ta dwe fè eksperyans sa anvan yo di kwakeseswa osijè de yon moun se yon Kreyen. Pwòp eksperyans pa w!

⁹² Mwen te pale ak neve m lan, yon ti tan de sa, yon ti gason Katolik, ki te di: “Tonton Bill, mwen kouri a goch ak dwat, m al toupatou, nan eseye jwenn yon bagay.” Nwit apre nwit, anvan

reyinyon sa a te kòmanse, li t ap kriye. E lannwit, li te fè rèv li t ap antre isi a, ap kouri vin devan lotèl la, kote yo t ap preche a, epi li te konfese ke li te antò.

⁹³ Mwen di: “Melvin, kèlkeswa kote w eseye ale, nan konbyen legliz ou fè w manm, konbyen ‘Mwen salye ou Mari,’ ou di, oswa konbyen benediksyon ou jwenn nan men lòm, ou dwe ne de nouvo ak Lespri Bondye. Se sèl bagay ki va satisfè kè imen an.”

⁹⁴ Sa, mwen konnen yo gen yon ranplasan, jodi a, pou nouvèl nesans, jis bay lanmen ak predikatè a epi mete non w nan liv la. Men, zanmi, sa se yon dògm. Se pa yon Verite Bib la. Si l te sa, Ak Apot yo, nan chapit 2 a, ta dwe li konsa: “Lè Jou Pannkot la te rive nèt, pastè a te mache soti epi te bay lanmen ak moun yo.”

⁹⁵ Men li di: “Lè Jou Pannkot la te rive nèt,” nan inogirasyon Legliz la, “yon bri te soti nan Syèl la tankou yon gwo van pwisan, e li te ranpli tout kay kote yo te chita a.” Se konsa Sentespri a vini premye fwa a. Se konsa Li te vini chak fwa depi tan sa. Li se Bondye, e Li pa chanje. Bon, Sa fè moun yo bite.

Yo di: “Se te pou yon lòt epòk.”

⁹⁶ Ebyen, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Chak fwa Legliz la te janm resevwa Sentespri a, Li te toujou vini tankou L te fè l premye fwa a, anba menm preskripsyon an, Ak 2:38; sa pa janm chanje, sa p ap janm chanje.

⁹⁷ Tankou preskripsyon yon doktè pou yon maladi. Li pral ekri yon preskripsyon pou yon maladi, doktè a fè sa. Epi ou pote l bay kèk famasyen chalatan, e li mete twòp nan antidòt la ladan l, li tèlman fèb ke li p ap sèvi w anyen; si l mete twòp pwazon ladan l, l ap touye w. Li dwe ekri jis selon doktè a.

⁹⁸ Epi preskripsyon doktè a sou fason pou resevwa Sentespri a se Doktè Simon Pyè ki te ban nou l, nan Jou Pannkot la. “M ap ba nou yon preskripsyon. Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche yo, epi n a resevwa don Sentespri a. Paske preskripsyon an se pou sila yo ki byen lwen, e menm jan ak anpil ke Seyè Bondye nou an va rele.” Preskripsyon Etènèl la!

⁹⁹ Moyiz te fè eksperyans sa a. Li te ale desann nan peyi a epi li te kòmanse di moun yo: “Mwen te rankontre yon Kolòn Dife. Li te nan yon touf bwa k ap boule. E Li te di m pou di nou, ‘MWEN SE MWEN YE A. Ale; Mwen pral avèk ou. Pran baton an nan men w epi leve l anlè Lejip; kèlkeswa sa w mande a, l ap fèt.’”

Ebyen, petèt kèk prèt te di: “San sans!”

¹⁰⁰ Men lè yo te wè vrè reyaltite sa yo, pran, rive, yo pa t ka kenbe l pi lontan. Yo te konnen se Bondye ki te voye l.

¹⁰¹ Alò, si Moyiz te di li te wè sa, e te temwaye ke se Laverite, alò Bondye oblije, si sa se Laverite, idantifye epi konfime pawòl nonm sa a, Laverite. Se vre.

102 Si Jezikri te kanpe la epi te li, jou sa: “Jodi a se Pawòl sa ki akonpli devan nou,” Bondye oblije fè Pawòl sa reyalize.

103 Nou kanpe isi a aswè a pou di, ke “Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Bondye oblije pwouve ke se konsa l ye, paske Se Pawòl Li. Kounye a, kisa sa fè? Sa mande lafwa, pou kwè Li. Sa pran lafwa, nan kwè Pawòl Li, ke Se Laverite.

104 Remake sa k te rive lè Moyiz te mennen timoun yo soti, ak tout sa yo ki te swiv li. Sa yo ki pa t swiv yo te rete nan Lejip. Men sila yo ki te swiv Moyiz, lè yo te soti nan Lanmè Wouj la epi yo te rive nan dezè a, Bondye te desann sou Mòn Sinayi a. Kolòn Dife sa te mete dife sou tout mòn lan, epi yon Vwa ki te soti la te pale, epi Bondye te bay dis kòmandman yo.

105 Moyiz te ka mache laba devan moun yo, pou di: “Jodi a, Lekriti ke m te di nou an, antan ke pwofèt Li, akonpli jodi a. Mwen di nou ke Bondye te kontre avè m, epi anwo la nan yon touf bwa k ap boule, nan yon Kolòn Dife, e Li te di sa: ‘Mwen pral . . . Sa va yon siy. Ou va mennen moun yo tounen drèt nan plas sa isi a ankò.’ E men Bondye, nan menm Kolòn Dife mwen te di nou Li te ye a, pandye jis laba a sou mòn lan. Jou sa a pwofesi sa akonpli. Men Li pou konfime ke bagay mwen te di yo se Laverite.”

106 Se pou Bondye ban nou plis gason konsa, ki onèt epi sensè, epi ki di Laverite, ke Bondye Toupwisan te ka konfime ke Pawòl Li toujou Laverite! Li rete menm lan ayè, ak pou tout tan. Poukisa Li pa ta fè l? Li te pwomèt pou fè l.

107 Jozye te ka di menm bagay la, jou li te retounen Kadès-banea, kote yo te vwayaje tèlman lwen nan dezè a. Yo te doute ke peyi a se jan de peyi ke Bondye te di li t ap ye a. Men Bondye te di yo se te yon bon peyi, lèt ak siwo myèl t ap koule ladan l. E Jozye ak Kalèb se te sèl yo de ki te kwè l, pami dis lòt ki te pati yo. Lè yo te retounen, yo te gen prèv la; yo te gen yon grap rezen ke de mesye fò te ka sèlman pote.

108 Jozye ak Kalèb te ka kanpe drèt la pou di: “Jodi a Lekriti sa akonpli. Men prèv ke se yon bon peyi.” Sèten. Poukisa? “Men prèv la ke se yon bon peyi. Ki kote ou ta janm jwenn bagay konsa, nan peyi Lejip? Pa t gen kote konsa. Men jodi a Lekriti sa a akonpli.”

109 Li te ka di bagay la, menm jan, lè l te pwofetize e li te di miray Jeriko yo ta pral tonbe apre yo te fin mache toutotou yo sèt fwa, pandan sèt jou, sèt fwa pa jou. E lè yo te mache toutotou yo dènye fwa sa, miray yo te tonbe. Jozye te ka leve kanpe pou di: “Jodi a, Kapitèn an Chèf lame Seyè a ki te di m dè semèn de sa ke sa t ap rive konsa, jodi a Lekriti sa akonpli.” Men miray yo te blayi la a, plat atè a. “Vini, ann al pran l. Li pou nou. Jodi a Lekriti sa a akonpli.”

110 Ala mèveye, dèzòm de Dye te kanpe pou bagay ki dwat yo!

111 Izrayèl, nan rivyè a, lè yo te posede peyi a, te travèse. Kijan yo pral fè l? Se mwa davril la. Inondasyon yo t ap vini paske nèj la ap fonn, laba a nan Jide. O, ala yon pòv jeneral sa te sanble ke Bondye te ye, pou mennen pèp Li la, nan mwa davril la, lè Jouden an te pi wo la pase l te janm ye. Pafwa . . .

112 M ta ka rete la, si m te gen tan, pou m ba w jis yon ti konsèy. Pafwa ou ka chita la ak kansè, oswa ou ta ka chita ak yon maladi; ou panse: “Poukisa, mwen menm, etan yon Kretyen, m ta nan eta sa a? Poukisa m ta nan eta sa, si m se yon Kretyen?” Pafwa Bondye kite bagay yo vin tèlman nwa ke ou pa ka wè ni anlè, ni toutotou, oswa nenpòt lòt kote, epi lè sa Li vini epi Li fè yon chimen atravè li pou ou, pou w te ka di: “Jodi a, Lekriti sa a ap akonpli ke Li te pwomèt pou L fè a.”

113 Li te kite timoun Ebre yo mache dwat nan founo dife a. Yo te di: “Bondye nou an kapab delivre nou anba dife sa a nan founo a. Men, sepandan, nou p ap koube devan imaj ou a.” Lè yo te mache sot la, sant founo a sou yo . . . pa gen okenn sant founo a, pito, sou yo; yo te ka di: “Jodi a Lekriti sa akonpli.”

114 Lè Danyèl soti nan twou lyon an, li te ka di menm bagay la.

115 Jan Batis. Apre kat san lane ansèyman eklezzyastik, se pa etonan legliz sa te nan yon dezòd nan moman sa! Lè l te parèt nan dezè a, Jouden an, li te ka kanpe drèt la sou rivaj la, jan l te fè l la, pou di: “Jodi a Lekriti sa, Ezayi 40, akonpli.”

116 Kijan m te ka kanpe isi a pou di nou kisa vye prèt sa te di m! Li di: “Pitit gason mwen, ou pa t janm fini Mesaj sa.”

Mwen di: “Rete trankil.”

Li di: “Ou vle di Pannkotis yo pa wè sa?”

Mwen di: “Non.”

117 Li di: “Mwen wè li.” Epi yon prèt Katolik, tou! En-en. Li di: “Poukisa ou pat kontinye?”

Mwen di: “Rete trankil.”

Li di: “Glwa pou Bondye! Mwen wè l.”

118 E apeprè nan moman sa Sentespri a te tonbe sou sè li, ki te chita la nan reyinyon an. Epi li te leve kanpe, ap pale nan lang enkonni, e li te bay entèpretasyon de bagay la menm ke prèt la avè m t ap pale a, sou lestrad la. Tout legliz la, tout plas la, te antre nan yon vakam. Li te kontinye nan konvansyon Oral Robert la semèn pase a, oswa semèn anvan sak pase a, e se te sijè konvèsasyon an nan konvansyon an. Kijan ke prèt sa . . . La anba aksyon Sentespri a, te revele laba atravè yon fanm, se sè l mwen kwè l te ye, sou sa ki t ap pase la sou lestrad la, e li te revele bagay sa ke nou t ap kache a.

119 Lè kote n ap viv la, jodi a Lekriti sa akonpli. Jodi a Limyé aswè yo te vini, e nou echwe pou nou wè Li. Remake.

120 Jan te di: “Jodi a mwen se ‘vwa yon moun k ap rele nan dezè a,’ jan pwofèt Ezayi te di: ‘Prepare chimen an pou Seyè a.’”

121 Yo pat konprann sa. Yo di: “O, ou se Jezi . . . ou se—ou se Kris la,” pito.

122 Li di: “Mwen pa Kris la.” Li di: “Mwen pa diy pou m lage soulye L yo. Men,” li di, “Li kanpe nan mitan nou, yon kote,” paske li te sèten ke Li t ap la. Li t ap nan jou pa l la, paske Bondye te di l li te gen pou l prezante Mesi a.

123 Yon jou yon jèn Gason te vin ap pase la, e li te wè tankou yon Limyè anlè tèt Li, yon siy. Epi li te rele: “Men Ayo Bondye a! Jodi a Lekriti sa a akonpli devan nou.” Sèten.

124 Nan Jou Pannkot la, kijan Pyè te leve kanpe epi l te site Lekriti yo, nan Jowèl 2:38. Lè, yo tout t ap ri, moun sa yo. Yo pa t ka pale nan pwòp lang yo. Yo t ap bege yon lòt bagay. Bib la di: “Lang divize.” *Divize* se yon lang ki “separe”, ki pa di anyen, jis yon begeman. Yo t ap kouri nan tout direksyon tankou yon bann moun sou!

125 Yo tout te di: “Ebyen, moun sa yo sou. Gade yo, gade kijan y ap aji, kijan fanm ak gason sa yo. Yo andezòd,” gwoup relijye sa a nan epòk sa te di.

126 Pyè te kanpe nan mitan yo, li di: “Mesye frè yo, nou menm ki abite nan Jerizalèm, ak nou menm ki abite nan Jide, se pou nou konnen ke sa yo pa sou, jan nou sipoze, paske se twazyèm lè nan jounen an. Men sa a se sa ke pwofèt Jowèl te pale a, ‘Sa pral rive nan dènye jou yo, M pral vide Lespri M sou tout chè.’ Jodi a, Lekriti sa te akonpli.” Sètènman.

127 Luther te bon jan a lè. Wesley te bon jan a lè. Lapannkot te bon jan a lè. Nanpwen anyen ki pa nan lòd.

128 Kounye a mwen mande nou pou n konsidere laj ak nan tan n ap viv kounye a, ak Pawòl pwomès la pou jodi a. Si anvan nan lòt laj yo, lèzòm te ka di, “jodi a Lekriti sa a,” “jodi a Lekriti sa a,” alò e Lèzekriti pou jou sa a? Kisa k te pwomèt pou jou sa a? Ki kote nou kanpe? Nan ki lè n ap viv, lè revèy la ap bat, revèy syantifik la, twa minit anvan minwi? Mond lan pran panik. Legliz la nan yon kabann koripsyon. La pèsonn pa konnen ki kote yo kanpe. Ki lè nan jounen an li ye? E Lekriti pou jou sa a? Kondisyon legliz la, oswa, kondisyon legliz jodi a!

129 Nan lemonn, politik la, sistèm monn nou an, jis pouri otan li kapab. Mwen pa yon politisyen. Mwen se yon Kreyen. Men, mwen pa gen okenn zafè nan pale de politik, men mwen jis vle di yo pouri sou toulède bò yo.

130 Mwen te vote yon fwa, se te pou Kris; Mwen dwe genyen. Dyab la te vote kont mwen, e Kris te vote pou mwen; sa depann de ki direksyon mwen lage vòt mwen an. Mwen kontan mwen lage l sou Li; kite mond lan di sa yo vle. Mwen toujou kwè ke Li

se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li va pwouve l. Li va fè l sètènman. Sètènman.

Ogmantasyon nan krim, delenkans kay jenn!

¹³¹ Gade nasyon nou an, ki te yon fwa flè tè a, gwo demokrasi nou an te fòme laba nan—nan. . . nan deklarasyon endepandans lan, epi deklarasyon endepandans lan te siyen, e nou te gen yon demokrasi, e gran zansèt nou yo, ak bagay yo te fè yo, nou te gen yon gran nasyon.

¹³² Men kounye a l ap pouri, epi efondre, epi tranble, epi tonbe. E y ap eseye takse moun yo, pou jwenn lajan pou voye al laba, pou achte zanmitay ak lènmi l yo; y ap voye l tounen nan figi nou. Yon gè mondyal, de gè mondyal, e yo toujou ap avanse pou yon twazyèm. Sètènman. Politik pouri, kòwonpi, pouri jouk nan nwayo. Se jis egzakteman sa Matye 24 te di li t ap ye: “Yon nasyon t ap kont yon nasyon, yon wayòm kont yon wayòm.” Tout bagay sa yo ta pral rive. Ann konsidere sa kounye a. Dakò.

¹³³ Remake yon lòt, ogmantasyon nan rechèch syantifik. Kounye a, yon fwa, jis yon. . . Granpapa m te al wè grann mwen, nan yon kabwèt bèf. Kounye a se yon avyon jèt, oswa menm yon anjen yo mete ann òbit ki ale nan lè a, nan lesplas. Gran. . . Kijan, ki moun ki te di sa? Danyèl 12:4, sa te di: “Konesans va ogmante nan dènye jou yo.” Nou wè lè kote n ap viv la. Remake kounye a kondisyon mond lan yo—yo, kondisyon lasyans.

¹³⁴ E remake ankò, jodi a, nan sistèm edikasyon nou an. Kounye a pa eseye nye sa. Mwen gen koupi jounal yo, k ap anseye sèks nan legli-. . . nan lekòl nou yo, a jèn elèv yo pou yo gen relasyon seksyèl youn ak lòt, pou wè si yo ka viv an koup nan mond lan. Wi, mesye.

¹³⁵ E klèje nou an? Aswè a mwen gen yon atik nan jounal la. Nan Los Angeles, Kalifoni, kote yon pakèt manm klèje, Batis ak Presbiteryen, minis, te mennen yon pakèt omoseksyèl epi yo te pratike omoseksyèl, yo di ke yo t ap eseye genyen yo pou Bondye. Alòske, sa se youn nan malediksyon pou lè a, yon Sodomit! E lalwa te menm arete yo.

¹³⁶ Kounye a kote nou ye? Tout sistèm nou an pouri anba nou. Mwen wè ogmantasyon nan omoseksyalite atravè Etazini te ogmante de ven oswa trant pousan lane pase. Panse a sa, lòm k ap viv ak lòm, jis egzakteman jan yo te fè nan Sòdòm.

¹³⁷ Ogmantasyon nan krim, delenkans jivenil! Nan ki lè n ap viv? Jodi a Pawòl pwofesi sa akonpli.

¹³⁸ Mond relijye a, legliz la limenm, legliz la, legliz ki aple a soti a, ke nou rele legliz ki aple a soti a, dènye aj legliz la, aj legliz Pannkotis la, kote l ye? Li nan Lawodise, jan Lekriti te di.

¹³⁹ Jodi a yo leve baryè yo. Fanm yo a mwaye abiye. Mesye yo se. . . Se yon bagay tèrib. Kèk nan yo marye twa oswa kat fwa,

yo sou konsèy dyak, ak tout lòt bagay. Yo relache, epi yo mennen koripsyon, paske yo chita an konsèy epi yo ralye yo ak monn lan.

¹⁴⁰ Epi, jodi a, yo gen pi bon bilding, yo te janm genyen. Kèk kote, youn nan yo ap bati yon oditoryòm senkant milyon dola, senkant milyon dola. Pannkotis yo! Sa te abitye la nan kwen an, vennsenkan de sa, ap bat yon tanbourin. Yo te di: “Nou. . .”

¹⁴¹ Paske, Lekriti a di, nan Apokalips 3, ke ou “‘Rich,’ ke ou te di: ‘Mwen rich. Mwen chita tankou yon rè. M pa bezwen anyen.’ E èske w pa konnen ke ou malere, mizerab, pòv, toutouni, avèg, e ou pa konn sa!”

¹⁴² Jodi a, Lekriti sa akonpli nan je nou. Amèn! *Amèn* vle di “ensi swatil.” Mwen p ap di amèn pou tèt mwen, men mwen vle di mwen kwè Se Laverite. Jodi a Lekriti sa akonpli.

¹⁴³ Legliz Pannkotis la nan yon kondisyon Lawodise. O, yo toujou sote epi rele, epi kontinye eksite lè mizik la ap bat. Lè mizik la sispann bat, oswa mizik beatnik la kèk nan yo jwe epi rele l Kreyènte, e nenpòt lè sa sispann, tout glwa disparèt. Wì.

¹⁴⁴ Si se yon vrè louwanj pou Bondye, pa gen ase siflèt ak ase— ase pwisans nan mond lan pou sispann li. Lè li vrèman soti nan Bondye, sa pa pran mizik pou yo bat. Sa pran Lespri Bondye pou desann sou li. Se tout sa l bezwen.

¹⁴⁵ E yo te bliye L depi lontan, paske yo te klase don Sentespri a, “pale an lang kòm siy inisyal.” E m te tande demon ak sòsyè ki pale an lang.

¹⁴⁶ Sentespri a se Pawòl Bondye a nan ou, ki idantifye Tèt Li nan aksepte Pawòl sa. Andeyò sa, li pa ka Sentespri a. Si li di se Sentespri a, epi nye yon sèl Pawòl nan Bib sa, li pa ka Sentespri a. Sa se prèv la ke swa w kwè swa w pa kwè.

¹⁴⁷ Remake yon lòt gwo siy. Jwif yo nan patri yo; pwòp nasyon yo, pwòp lajan yo, yon manm Nasyonzini. Yo gen pwòp lame yo. Yo gen tout bagay. Yo nan patri yo; ke, Jezi te di: “Aprann parabòl pye fig la.” Men yo, tounen dwat nan nasyon yo. Jodi a Lekriti sa a akonpli, Jwif yo nan patri yo.

¹⁴⁸ Jodi a Lekriti sa akonpli, Aj Legliz Lawodise a.

¹⁴⁹ Jodi a, Lekriti sa a, Matye 24, akonpli. Mond lan nan yon koripsyon, tout bagay la; nasyon kont nasyon, tranbleman tè nan divès kote, gwo toubiyon k ap desann, ap sekwe nasyon yo, e latriye, gwo dezastoupatou. Jodi a Lekriti sa akonpli.

¹⁵⁰ Kounye a nou wè eta mond lan. Nou wè kote legliz nòmàl— nòmàl la, òganizasyon, denominasyon, nou wè kote yo ye. Nou wè kote nasyon yo ye. E nou wè ke jodi a pwomès sa yo akonpli.

¹⁵¹ Bon, men nan jou sa a gen yon sipè, Semans Wayal Abraham ki dwe vini. Se egzaktèman sa Li t ap ye, se ta yon Lepouz Wayal pou Pitit Gason Wayal, ki te pwomèt la. Jan m te pale yè swa, li p ap yon semans natirèl, l ap yon Semans espirityèl. Dwe gen yon

Lepouz espiyèl ki va leve, ki pral Semans Wayal pou Lafwa wayal Pitit Gason Wayal Abraham lan. Li gen pou l vini sou sèn lan nan dènye jou yo, e tan an ak plas la se yon pwomès ke yo ba Li.

¹⁵² Dapre Malachi 4, yon Ekriti, gen yon Mesaj ki dwe parèt ki pral sekwe kè moun yo pou retounen yo drèt bay zansèt apostolik yo ankò. Gen youn ki dwe parèt sou sèn lan, nan pwisans Eli, ki pral parèt sou sèn lan; yon nonm dezè ki pral parèt, e ki pral gen yon Mesaj ki va mennen tounen tou dwat nan Pawòl la ankò. Se nan lè sa n ap viv.

¹⁵³ Alò, konsidere kounye a, mwen mande nou nan lè sa a, nou menm moun isi a nan Jeffersonville. An 1933, Limyè sinatirèl ki te desann laba sou rivyè a, jou sa lè m t ap batize senksan nan Non Jezikri, alòske mwen te yon jenn gason anviwon ventan. Kisa Sa te di, Jeffersonville? Kisa Sa te ye nan pye Spring Street la, alòske *Courier Journal* la, mwen kwè se te *Louisville Herald* la, ki te pibliye atik Li a? Li te transmèt atravè Associated Press la, jouk nan Canada. Doktè Lee Vayle te dekoupe l nan jounal la, laba nèt nan Canada, an 1933.

¹⁵⁴ Lè m t ap batize disetyèm moun mwen an, avèk Temwen sa anlè mwen; e nou konn rès istwa a. Epi lè m te kanpe la, ap batize disetyèm moun lan, yon Limyè desann sot nan Syèl la, Li t ap klere anlè plas la, tankou yon Zetwal ki tonbe sot nan Syèl la. Yon Vwa di: “Menm jan yo te voye Jan Batis pou anonse davans premye vini Kris la, Mesaj ou a va vin anvan dezyèm Vini L la, nan tout mond lan.” Jodi a Lekriti sa akonpli.

¹⁵⁵ Jodi a! Bondye te pwomèt li. Kisa k te pase? Jodi a Li te fè tou mond lan.

¹⁵⁶ E lè Bondye te desann la pou di sa, lè m te yon ti gason, nan yon touf bwa k ap boule, oswa yon touf bwa anwo la, ki pran dife ak yon Kolòn Dife, anwo isi a nan plas Wathen nan Utica Pike la; ap pote dlo dèyè a la, depi nan depo fèm sa a pou rive nan yon alambik, nou konn verite a sou sa. Li di: “Piga w janm fimen, oswa bwè, oswa souye kò w, paske gen yon travay pou w fè lè w va vin pi gran.” Mwen temwaye ke sa se Laverite, ke mwen te wè Li. E Bondye, menm jan Li te fè l avèk Moyiz, te pale devan kongregasyon an laba a, pou di: “Sa se Laverite.”

Jodi a Lekriti sa akonpli nan mitan nou.

¹⁵⁷ Obsève sa Li te di konsènan disènan an, e kijan sa t ap ye; depi nan poze men sou yo a, pou rive nan konnen sekrè kè a. Jodi a, Lekriti sa akonpli devan je nou menm.

¹⁵⁸ Pwomès sa yo ki te fèt la, remake, tout pwomès sa yo te konfime epi akonpli pa Bondye pwomès la. Gade, Li akwoche nan Washington, DC, aswè a, foto Zanj Seyè a!

¹⁵⁹ Tankou George J. Lacy, responsab anprent dwèt ak dokiman nan FBI pou gouvènman Etazini an, te egzamine L depi Houston,

Texas, epi l te di: “Sa a se sèl Èt sinatirèl ki te janm fotografye nan tout mond lan.” Li ta dwe konnen; li se pi bon ki nan mond lan, pou sa.

¹⁶⁰ Remake, men Li pandye la, tankou Laverite, menm Kolòn Dife a ki te kondwi Izrayèl dèyè laba a nan dezè a. L ap kondwi jodi a, menm kalite Mesaj la, ki di: “Soti nan Lejip!” . . .? . . . Jodi a Lekriti sa akonpli. Nou konn Mesaj Li te di a.

¹⁶¹ Gade vizyon Tucson lan, twazan de sa, lè m te kanpe isi a sou wout la. Lè, senk an anvan sa, Li te di: “Jou ke vil la mete yon poto devan pòtay sa, vire tèt ou nan direksyon Lwès.” Moun tabènak mwen yo ki isi a, konnen ke pwo- . . . fwa sa—sa. Se vre.

¹⁶² Epi jou ke Mesye Goynes avè yo te monte la, epi te mete poto sa, Mwen di madanm lan: “Gen yon bagay konsènan sa.”

Li di: “Kisa l ye?”

E m te antre epi m te gade nan ti liv mwen an. Men li te la.

¹⁶³ E nan demen maten sa, a dizè, m te chita anndan la, nan chanm mwen la a, vè dizè, Zanj Seyè a te desann. Li di: “Ale Tucson. Ou pral nan nòdès Tucson, epi pral gen sèt Zanj ki va vini an gwoup k ap sekwe tout tè a bò kote w.” Epi li di: “Y ap di w sa apati de la.”

¹⁶⁴ Konbyen ki sonje sa, isi a, byen avan sa te rive? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Gen mesye ki chita isi a menm nan bilding sa aswè a, ki te kanpe la menm lè sa te rive.

¹⁶⁵ Epi li di: “Sèt So mistè kache tout Bib la pral louvri, e sa pral akonpli Apokalips 10, kote li di ke se nan Mesaj setyèm Anj lan bagay sa yo te dwe rive.” Jodi a Lekriti sa akonpli devan je nou. Jodi a Lekriti sa akonpli.

¹⁶⁶ Ane pase a, nou te kanpe menm kote a, Mesye Wood isi a avè m, nou t ap monte ti mòn lan, li te on jan aflije, poutèt madanm li ki te malad, Sentespri a te di: “Ranmase yon wòch ki la a. Voyer l anlè a. Lè l desann, di: ‘ENSI DI SEYÈ A, pral gen jijman ki frape tè a.’ Di l ke l pral wè men Bondye, nan kèk èdtan k ap vini yo.”

¹⁶⁷ Mwen te di Mesye Wood; li prezan aswè a. E, mwen kwè, uit oswa dis nan mesye yo, oswa kenz, ki te la nan moman sa lè sa te rive; nan demen maten, kote Seyè a te desann nan yon toubiyon epi L te rache mòn lan toutotou nou, epi te koupe rache tèt pyebwa yo, epi te fè twa eksplozyon, epi L di: “Jijman ap dirije l nan direksyon Kòt Lwès la.”

¹⁶⁸ De jou apre sa, Alaska te prèske anglouti anba tè. E depi lè sa, toupatou bò Kòt la, jijman Bondye a ap frape avèk vyolans kont ekran espiritiyèl sa. Gen yon rido an fè, gen yon rido banbou, e gen yon rido peche.

¹⁶⁹ Sivilizasyon an vwayaje ak solèy la; se konsa Levanjil la fè. Yo te soti nan lès epi yo te ale nan lwès, jan solèy la fè a. E kounye

a Li sou Kòt Lwès la. Li pa ka ale pi lwen; si L al pi lwen, Li pral tounen nan lès ankò.

¹⁷⁰ Pwofèt la te di: “Pral gen yon jou k ap vini ke yo pa ka rele lannwit oswa lajounen,” yon jounen mosad, anpil lapli ak bwouya, jis ase kòman pou konnen kijan pou fè w manm nan yon legliz oswa mete non w nan yon liv. “Men va gen Limyè nan tan aswè a.” Jodi a Lekriti sa akonpli.

¹⁷¹ Menm lan—menm s-o-l-è-y la ki leve nan lès se menm s-o-l-è-y la ki kouche nan lwès. E menm P-i-t-i-t Bondye a ki te vini nan lès e ki te konfime Tèt Li jan Bondye te manifeste nan lachè, se menm P-i-t-i-t Bondye a nan emisfè lwès la isi a, k ap idantifye Tèt Li nan mitan legliz la aswè a, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Limyè aswè Pitit la vini. Jodi a Lekriti sa akonpli devan nou.

¹⁷² Ki kote nou ye nan laj Abrahamik sa a? Ki kote nou ye nan gran epòk sa kote nou kanpe a, gran lè n ap viv ladann lan? Tout vizyon yo te akonpli.

¹⁷³ E lè yon ti zanmi minis pa nou isi a, legliz sè asosye, Junior Jackson, vin kouri vin jwenn nou yon jou swa, lè mwen te laba, li di: “M te fè yon—yon rèv, Frè Branham, k ap trakase m. M te wè tout frè yo rasanble sou yon ti mòn.” Epi li di: “Sou ti mòn sa, ou t ap anseye nou apati de lèt ki te ekri yo, sa te sanble, nan kèk lèt ke tan an te taye nan wòch la. Lè w te fini sa, tout sa te fini, ou te di nou, ou te di: ‘Vini pi pwòch,’ e nou tout te rasanble.”

¹⁷⁴ Li te di: “Ou te lonje bra w yon kote epi, te sanble, ou te pran tankou yon bar kòk epi w te frape pou louvri tèt ti piramid sa a. E, lè sa te fèt,” li te di, “se te wòch granit ki pat gen okenn ekriti sou li. E ou te di nou pou nou ‘egzamine sa.’” E nou tout . . . “Nou tout te kòmanse gade.” Li di: “M te vire tèt mwen, e m te remake ou ta prale nan direksyon lwès, jis ak tout vitès, nan direksyon solèy kouche a.” Konbyen ki sonje sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

¹⁷⁵ E m te kanpe la yon ti moman jouk Sentespri a te revele l. Mwen te di: “Tout Bib la, otan ki te revele bay lòm, atravè jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, batèm nan Non Jezi, ak tout bagay sa yo, te revele; men gen sekre ki kache anndan an, paske Bib la sele ak Sèt So. Mwen dwe ale la pou jwenn li.”

¹⁷⁶ Jou maten sa lè sèt Zanj sa yo te desann epi fè tè a ebranle, epi wòch te vole nan tout direksyon, sèt Zanj te kanpe la epi yo te di: “Retounen nan Jeffersonville, depi kote w soti a, paske Sèt So sèt mistè yo va louvri.”

¹⁷⁷ Men nou, jodi a, k ap konprann *Semans Sèpan an*. Nan kèk jou, si Bondye vle, nou va konprann sa ki egzak nan *Maryaj Ak Divòs*. E tout bagay sa yo ke Bondye te louvri, chak So, mistè yo depi fondasyon mond lan. E nou te rejwi de Prezans benediksyon L yo! Sa se vre. Jodi a, Lekriti sa a!

178 Magazin *Life* la te pibliye yon atik sou li: “Yon sèk Limyè Mistik ki monte anlè anwo Tucson ak Phoenix,” nan menm fason ke mwen te di nou an prèske yon lane anvan sa te rive, kijan sa ta pral ye, e tankou yon triyang. Foto a pandye nan legliz la anba la. Ou menm ki te pran magazin sa genyen l. Men li te la, jis egzaktman. Yo te di: “Li fè karantwa kilomèt nan wotè ak senkant kilomèt nan lajè.” Yo poko konprann sa k te pase. Li te parèt yon fason misterye e li te disparèt yon fason misterye.

179 Frè Fred Sothmann, Frè Gene Norman avè m, ki kanpe la, twa se yon temwen, tankou anlè tèt mòn lan: Pyè, Jak, ak Jan, pou bay temwayaj, nou te kanpe la epi ap gade l lè sa te rive, e nou te wè sa fèt.

180 Men Li, ki pandye nan syèl la; jouk la a, pa gen okenn imidite, nanpwen okenn vapè oswa anyen pou fè yon—yon bwouya. Kijan yo te ka vini la? Se te Zanj Bondye yo ki t ap retounen, apre Mesaj yo a. Jodi a pwofesi sa te akonpli nan mitan nou. Jodi a Lekriti sa a te akonpli.

181 Gade, Sèt So yo te louvri. Toubiyon an se al sou Kòt Lwès la. Kounye a, pa rate l, tankou yo te fè l laba a.

182 Kounye a, ann fikse atansyon nou, yon ti kras pi pre jou nou an. Kisa Lekriti di apwopo jodi a, ak sou tan n ap viv ladann lan? Jezi ap pale. . . M p ap gen tan pou m pran yo tout, men mwen vle pran grenn sa anvan nou fini.

183 Jezi te di, nan Sen Lik chapit 17 la, vèsè 30 lan. Jezikri, Pawòl la Limenm! Èske w kwè sa? Jezikri, Pawòl la Limenm, te fèt chè, te pale epi te di kisa Pawòl la ta pral ye nan tan lafen an, kisa ki pral siy lafendimonn. Li te di yon nasyon ta pral leve kont yon nasyon, men Li te di: “Menm jan l te ye nan epòk Sodòm lan, se konsa l va ye nan jou lè Fis de lòm lan pral revele a.”

184 Bon, lè Jezi te vin sou tè a, Li te vini nan non twa Fis: Fis de lòm, ki se yon pwofèt; Fis de Dye; ak Fis de David.

185 Kounye a, Li te viv isi a sou tè a. Li pa t janm di Li te Fis de Dye a, Li te di: “Mwen se Fis de lòm lan.” Jewova, Li menm, te rele Ezekyèl ak pwofèt yo, “fis de lòm,” paske, Li te dwe vini pou akonpli Lekriti kòm yon pwofèt. Moyiz te di: “Seyè Bondye nou an va sisite yon Pwofèt menm jan avè m.” Se pou rezon sa a Li pa t ka Fis de Dye a la, paske Li te Fis de lòm lan. Li. . . “Pawòl la te vin jwenn pwofèt yo,” e Li te Pawòl la nan plenitid Li, Fis de lòm, Pwofèt majè a—a, pa Pwofèt majè a, men Bondye-Pwofèt la, “Plenitid Divinite a te nan Li kòporèlman,” se poutèt sa, Li te Fis de lòm lan.

186 Kounye a, depi de mil an, nou te rekonèt Li kòm Fis de Dye a, Lespri.

187 Epi nan Milenyòm lan, Li pral Fis de David, sou Twòn lan. Nou tout konn sa, nou menm ki kwè nan Lèzekriti.

188 Kounye a, Jezi te di, jis nan fen aj legliz sa ke n ap viv ladann lan, ke “Fis de lòm lan t ap revele ankò nan menm fason sa te ye a, jan sa te ye nan Sodòm.”

189 Gade kòman, istorikman, Li te ekspoze li. Li te di: “Menm jan l te ye nan epòk,” an premye, “pa Noye a, kijan yo t ap manje, bwè, marye, bay an maryaj.” Ansuit Li te rive, apre sa, an dènye, sou Fis de lòm lan, nan Sodòm. Paske, la Li t ap trete ak Jwif yo; isi a, nan Sodòm, L ap trete ak Moun lòt Nasyon yo. La a, Li te nwaye yo tout nan dlo, nan jijman; isi a, nan Moun lòt Nasyon yo, Li te boule yo tout nan jou Sodòm lan. Se vre. Mond Moun lòt Nasyon yo te boule la, “e se konsa l ap ye lè Fis de lòm lan revele.” Se p ap dlo ankò, men se pral dife fwa sa a. Jezi te li nan menm Jenèz 23 ke nou li a, lè Li te li apwopo de Sodòm.

190 Kounye a, nou admèt kondisyon ke yo te pale de yo, de kondisyon mond lan nan Sodòm, Sodomit yo, kondisyon Sodòm. Nou tout, nou va di “amèn” pou sa. Nou kwè sa. Dakò.

191 E kondisyon espiryèl Lawodise a, legliz natirèl la, n ap di “amèn” pou sa, epi aksepte siy yo. Nou konnen ke tout siy la. Legliz la nan Lawodise. Nou konn sa.

192 Nou konnen mond lan nan yon kondisyon Sodòm. Èske se vre? N ap aksepte sa.

193 Men e siy Abraham lan, sila k ap tann pitit gason pwomès la? Sa se te yon lòt.

194 Sonje, yo te gen yon Sodòm laba a; yo te gen mesaj yo. E Abraham te gen yon Mesaje pou li.

195 Abraham t ap tann, jou apre jou, pou, prèske yon bagay enposib rive. “Sara, katrevendizan, epi li santan.” Dapre pwomès Bondye a, li te toujou ap tann. Nan mitan tout kritik, li t ap tann pitit gason sa.

196 Se konsa vrè kwayan an toujou ap tann Pitit pwomès sa a retounen! Remake, jis anvan pitit gason an te rive, te gen yon siy ke yo te ba li. Siy Pitit Gason k ap vini an èske li pa dwe revele bay Semans wayal Abraham lan k ap tann Fis Wayal la, menm jan sa te ye pou papa Abraham pou pitit natirèl la? Se vre? Jezi te di sa, isi a nan Sen Lik 17:30: “Anvan tan sa a rive,” ke “Fis de lòm lan t ap revele tankou Li te fè l nan epòk Sodòm lan, anvan destriksyon Sodòm.” Kounye a n ap tann yon siy.

197 Kounye a ann konsidere kondisyon tan an jan sa te ye nan Sodòm. Remake, yo tout te tonbe nan yon eta Sodomit, mond lan.

198 Mwen panse ke youn nan reyalizatè fim yo te prezante yon fim, sa pa fè lontan, e mwen te rive wè l, se te, *Sodòm*. Si jamé nou wè l epi pa gen anyen lòt ke sa, al wè l. Se sètènman yon bon imaj Etazini jodi a, Hollywood, jis egzaktman; menm kalite rad ak tout lòt bagay ke yo te fè menm jan ak lè sa a; gwo fèt tafyatè sou ak tout lòt bagay, yon kil moun relijye, swadizan relijye.

199 Remake, e Sodòm te gen yon temwen, e se te yon kanmarad ki te rele Lòt, ki te jis yon neve pou—pou Abraham.

200 Kounye a, Abraham pat desann nan Sodòm, li menm ak gwoup li a. Li te gen yon gwo gwoup avè l, ase pou konbat apeprè yon douzèn wa ak lame yo. Kifè, li te gen yon gwo gwoup avè l. Epi li te chita la anba yon pye bwadchenn, yon jou, lè tout bagay t ap mache mal pou li; pèsonn pat gen anyen pou wè avè l, men li te toujou ap kenbe pwomès sa.

Siveye kounye a, ak anpil atansyon, anvan nou fini.

201 Pandan li te chita la, twa mesye desann, ap mache vin jwenn li. De nan yo te desann nan Sodòm epi te preche Levanjil la ba yo, pou yo soti laba, bay Lòt. Èske se vre? Men Youn te rete avèk Abraham. Remake, Sila ki te rete avèk Abraham lan se te Bondye Limenm. De lòt yo se te Zanj mesaje.

202 Bon, laba a nan Sodòm, yo pa t fè okenn mirak, sèlman yo te rann yo avèg. E preche Levanjil la toujou rann yo avèg.

203 Kounye a gade kad jou sa a. Gen yon legliz natirèl. Toujou pa twa, jan m te di yè swa, Bondye reprezante. Te gen Sodomit yo, Lotit yo, ak Abrahamit yo. Li nan menm pozisyon an aswè a, monn lan tabli jis konsa.

204 Kite m mande nou yon bagay. Gade sikonstans sa kounye a. Abraham te rele Nonm sa a ki te pale avè l la: “Elohim.” Mo Ebre *Elohim* lan vle di “Sila ki Sifi a Tout, Sila ki Etènèl la,” Elohim, Bondye Limenm!

205 Nan kòmansman an, Jenèz 1, te di: “Nan kòmansman an Bondye . . .” Pran mo Ebre a la, swa, oswa mo Grèk, pito: “Nan kòmansman an *Elohim* te kreye syèl la ak latè.”

206 Isi a, Li, nan Jenèz, apeprè 22 la, Li di ankò, oswa—oswa apeprè 20, Li di: e li te rele Nonm sa “Elohim.” Poukisa li te fè l? Bondye, reprezante nan yon chè imen, ki te chita avèk Abraham pou manje sandwich ti towò bèf, bwè enpe lèt, epi manje enpe pen. Bondye Limenm, e Li te disparèt drèt devan Abraham.

207 Men Li ba li yon siy. Remake. E siy sa a se te ke Li te vire do L bay tant lan.

208 Epi sonje, Abraham, non l te *Abram* kèk jou anvan sa, e Sarah te *Sarra* anvan sa; S-a-r-r-a alò S-a-r-a-h, epi A-b-r-a-m pou A-b-r-a-h-a-m. *Abraham* vle di “papa nasyon yo.”

209 Kounye a gade vrèman byen isi a, e n ap wè sikonstans tan ke n ap viv kounye a, jan Jezi te di nou pou n atann nou a sikonstans sa. Nou te wè tout rèl li kòrèkteman; kounye a annou wè Semans wayal la, ki sikonstans yo sipoze wè.

210 Kounye a Mesye sa te di: “Abraham, kote madanm ou, Sarah?”

Epi Abraham te di: “Li nan tant lan, dèyè W.”

211 Kounye a, Li pa t janm wè l. Kijan Li te fè konnen ke non l se te *Abraham*? Kijan Li te fè konnen non manzè te *S-a-r-a-h*? “Abraham, kote madanm ou, Sarah?”

Li te di: “Li nan tant lan, dèyè W.”

212 Li di: “Mwen . . .” “Mwen,” yon pwonon pèsone. “Mwen pral vizite w dapre pwomès la. Madanm ou pral gen bebe sa. Ou te fè Mwen konfyans, kounye a Mwen pral fè sa rive.”

213 Epi Sarah, nan tant lan, dèyè, ap tandè an sekrè oswa panche zòrèy li, kèlkeswa jan w rele l la, li t ap koute nan tant lan, li te ri pa anba, epi li te di: “Kounye a, mwen menm, yon vye granmoun tankou m, gen plezi ak seyè m lan; epi limenm vye granmoun, tou, laba a la santan? Alòske, sa pat rive depi anpil, anpil lane.”

214 Epi Nonm lan, N-o-n-m, chita la ap manje, nan lachè imen, ap bwè epi ap manje tankou yon nonm òdinè; ak pousyè sou rad Li, e L te gen pousyè nan pye L, e Abraham te lave l. Bondye, Limenm, te gade toutotou, epi Li di: “Poukisa Sarah te ri, la a nan tant lan, ap di sa?” Li te konnen, Li te ka disènen panse Sarah nan tant lan, dèyè L. Èske se vre?

215 Kounye a, lè Semans Wyal Abraham lan vini sou tè a, ki siy Li te montre? Fis de lòm lan. Simon te pwoche bò kote L yon jou; Andre te mennen l. Li te di: “Non w se Simon. Ou se pitit Jonas,” Li te di. Ou wè, sa te fè l yon kwayan.

216 Filip te ale chache Natanayèl, epi li te retounen. Li di: “Vin, wè yon Nonm Ke nou gen—nou jwenn: Jezi moun Nazarèt, pitit Jozèf.”

217 Li di: “Kounye a tann yon minit. Èske gen yon bon bagay ki te ka soti nan fanatis sa?”

Li di: “Vini, wè.”

218 Kifè lè Filip te vini nan Prezans Jezi, avèk Natanayèl, Jezi te voye je L gade l epi L di: “Men yon Izrayelit ki pa gen riz.”

Li di: “Rabi, kilè W te konnen m?”

219 Li di: “Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, mwen te wè w.”

220 Li di: “Rabi, Ou se Pitit Bondye a. Ou se Wa Izrayèl la!”

221 Lè ti madanm lan nan pwi a, nan kondisyon imoral li a, pwoche, nan yon ti dekò konsa, pou rale dlo. Jezi te voye disip Li yo ale, pou al dèyè pwovizyon. Lè l pwoche pou l rale dlo, Li di: “Pote ti gout dlo pou M bwè, madanm.”

222 Li di: “Se pa nan abitud pou Ou di sa. Nou gen segregasyon isi a. Kounye a, nou menm Jwif yo pa gen anyen pou wè ak nou menm Samariten yo; nou pa gen anyen pou wè avè nou.”

223 Li di: “Men, fanm, si w te konnen ak Kiyès ou t ap pale a, ou t ap mande M pou bwè. Mwen t ap ba w dlo ke w pa vin isi a pou w rale.”

224 Li te jwenn kote kondisyon l la te ye, kisa l te ye. Li di: “Al chache mari w epi vin isi a.”

Li di: “Mwen pa gen mari.”

225 Li di: “Ou di laverite. Ou te gen senk, e sila w ap viv avè l kounye a se pa pou ou.”

226 Li di: “Mesye, mwen wè Ou se yon pwofèt. Nou konnen lè Mesi a va vini L ap montre nou bagay sa yo.”

Jezi di: “Mwen se Li.”

227 Sou sa, li kouri antre nan vil la epi l di: “Vin, wè yon Nonm Ki te di m bagay mwen te fè yo. Èske Sa pa Mesi a menm?”

228 Obsève, Li te fè sa devan Jwif yo, ak Samariten yo, men jamè Moun lòt Nasyon yo. Moun lòt Nasyon yo, nou menm moun yo, nou te payen nan epòk sa yo, lòt nasyon yo, ap pote yon baton sou do nou, ap adore zidòl. Nou pa t ap chache okenn Mesi.

229 Li sèlman parèt pou sa yo k ap chache L, e nou sipoze ap chache L.

230 Men sila yo ki te pretann ke y ap chache L, legliz la limenm, lè yo te wè sa fèt, yo te di: “Li se yon demon. Li se yon divinò, yon Bèlzeboul!”

231 E Jezi te di: “Yo t ap padonnen yo peche sa,” paske Li potko mouri. “Men,” Li di, “yon jou Sentespri a va vini pou fè menm bagay la, epi pou pale yon mo kont Li p ap janm padonnen.” Se jou sa a, kote chak Pawòl dwe reyini ansanm. “Pale yon mo kont Li; li p ap janm padonnen nan mond sa a oswa nan mond k ap vini an.”

232 Sa se te Semans Wayal Abraham lan. E isi Semans Wayal Abraham sa a, ki te vini poutèt idantifikasyon Nonm sa ki te chita la a ak Abraham, vini pou pwouve ke se te menm Bondye a, k ap pwomèt nan jou sa a: “Menm jan l te ye nan epòk Sodòm, se konsa l va ye lè Fis de lòm lan va vini, lè L ap revele Tèt Li kòm Fis de lòm.” Amèn. Sa se jou pou Lekriti sa akonpli.

233 Gade sikonstans nou ye jodi a. Gade legliz kote Fis de Dye a . . . Gade jou mosad la. Gade tout pwofesi yo. Kounye a, yon bagay etranj, lè vizitè nou yo rive alò, si sikonstans lan dwe tankou nan Sodòm.

234 Te gen twa nan yo ki te vini, twa mesye eksepsyonèl yo te voye sot nan Syèl. N ap admèt sa. Twa nan yo; Youn te rete avèk Abraham. Yo tout te kòmanse la, men Youn te rete avèk Abraham. Rès yo te desann al Sodòm. Èske se vre? E Abraham te gen yon non ki te chanje, de Abram pou vin Abraham. Se vre?

235 Pa yon sèl fwa nan listwa, legliz mond lan, te janm genyen yon evanjelis ki al jwenn li, ak yon non ki fini an h-a-m, jouk jodi a, Billy G-r-a-h-a-m. Èske se vre? G-r-a-h-a-m, sis lèt. A-b-r-a-h-a-m se sèt lèt. Men G-r-a-h-a-m se sis lèt, ki se mond lan, lòm. Ou wè?

236 Gade sa k te pati al laba, jodi a, se mesaje yo ki sot nan Syèl la.

237 Èske gen yon nonm sou tè a ki preche repantans si tèlman klè tankou Billy Graham? Èske te gen yon nonm ki te gen yon efè sou moun yo, tankou Billy Graham? Pa janm te gen, sou plan entènasyonan, yon nonm. O, Billy Sunday, e latriye, te isi a nan Etazini, men se Billy Graham ke yo konnen atravè lemond. Ou wè ki kote l ap lanse apèl? Soti nan Sodòm.

238 E li te gen pati l la ki akonpaye li la ak legliz Pannkotis la, yon Oral Roberts.

239 Men e gwoup Eli a? Ki kalite siy yo sipoze wè? Kisa yo sipoze genyen? Alelouya! “Va gen Limyè nan tan aswè a.” Jodi a Lekriti sa akonpli. Jodi a pwomès Bondye a akonpli. Nou konnen ke se Laverite. Li isi a aswè a jan L te ye lè sa a.

240 Kounye a, pou preche sa, ke m te di sa fè yon ti tan, si w preche nenpòt bagay e se Laverite Levanjil la, alò Bondye oblije konfime sa. Èske se vre? Kounye a, si se konsa, kite Bondye ki te ekri Pawòl la, kite Bondye ki fè pwofesi a, kite Bondye ki se Bondye Pawòl la, avanse epi pwouve ke Li toujou Bondye.

241 Kòm Eli te monte sou mòn lan; li t ap obsève, Elize te monte pou li obsève Eli, li di: “M vle yon doub pèsyon.” E manto ki te sou Eli a te tonbe sou Elize. Li te desann la, epi li te pliye kouvèti sa an de epi li te frape flèv la, epi li te di: “Kote Bondye Eli a?” E menm bagay la ki te rive pou Eli a, te rive pou Elize.

242 E menm Levanjil la, menm Pwisans lan, menm Fis de lòm lan ki te egziste ayè a, la jodi a, e pral la pou tout tan. Ebre 13:8. Èske nou kwè Li? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Alò, mwen mande nou sa. Mwen pa ka Li, men Li isi a. Nou se sèlman yon transpòtè.

243 Kèk nan nou moun yo la, ki malad epi ki aflije, ke nou konnen ke m pa konnen nou, se pou Bondye kounye a . . . si m ka imilye tèt mwen ase. Priye epi mande Bondye.

244 Mwen pa sipoze . . . Pa gen yon kat pou lapriye nan bilding lan, èske genyen? Non, mwen pa . . . Nou pa janm distribye okenn kat pou lapriye. Nou pral gen reyinyon priye nan . . . oswa gerizon malad, nan legliz la. Men, priye.

245 E nou konnen ke mwen se yon etranje total pou nou. Ou wè, ou konnen m, Jeffersonville! Mwen pa vle moun Jeffersonville fè sa. Mwen vle se moun ki soti yon kote lwen parapò isi a. Gade si Bondye toujou revele! Gade si Li toujou menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan!

246 Fè tankou ti madanm lan te fè a. Li te pase, epi li di: “Mwen kwè Nonm sa.” Li te gen yon pwoblèm san, epi li di: “Si m ka manyen bò rad Li, mwen kwè m ap geri.” Èske se vre?

247 Akòz lafwa li, jou sa a, Lekriti te akonpli. “Li met pansman sou kè kè brize a, Li te geri malad yo ak moun ki bwete yo.”

248 Lè l te manyen rad Li, epi l te mache soti epi l te chita, Li te vire tounen epi L te di: “Kimoun ki manyen M lan?” Kijan Li te ka janm konnen, nan gwo foul moun sa a, petèt trant fwa sa ki isi a aswè a, plizyè milye nan yo? Kijan Li te fè konn sa? Li te di: “Kimoun ki manyen M lan?” Li pa t di sa jis pou Li di l; Li te di sa paske se te vre. Epi Li te di: “Kimoun ki manyen M lan?” Epi dirèkteman Li te gade toutotou epi Li te wè ti madanm lan, kote li te chita oswa kanpe a, kèlkeswa pozisyon li te ye a, Li te di l pwoblèm san li a te fini.

249 Se te Jezi yè. Sa se Li jodi a. Ou kwè sa?

250 Mwen pa konnen ou; Bondye konnen w. Men ou gen doulè nan bò kòt ou, k ap deranje w. Se vre. Ou chita la ap priye sou sa. Èske m se yon etranje pou ou, e nou se etranje youn pou lòt? Leve kanpe, si se sa. Mwen pa konnen w. Se nonm *sa* drèt isi a nan kwen an, jenn kanmarad sa a. Ou gen yon gòj fè mal tou. Se vre. W ap priye sou sa. Ou tou sou nè pou yon bagay. Ou pral oblije kite reyinyon an paske, ou se yon minis, ou gen kèk angajman ou dwe okipe. Se vre. En-en. Ou kwè Bondye konnen ki moun ou ye? Reveran Mesye Smith, kounye a ou ka ale epi geri. Jezikri te fè w geri. Ale nan reyinyon w lan; gòj ou p ap deranje w.

Ki moun li te manyen?

251 Gen yon nonm ki chita drèt dèyè a *la*; l ap souffri. Li gen yon timè nan poumon gòch li. Li pa . . . Li pa moun isi a. Ou te yon travayè min. Sa se vre. Mwen se yon etranje total pou ou. Si se vre, sekwe men w. Timè a nan poumon gòch ou, epi ou prè pou yon operasyon touswit. Se vre? Ou pa moun isi a. Ou soti andeyò vil la. Ou soti Vijini. Se vre. Ou kwè Bondye konnen ki moun ou ye? Mesye Mitchell, se vre, al lakay ou epi vin byen. Jezikri fè w geri. Mande mesye a! M pat janm wè l, nan vi m. Li te chita la, ap priye.

Jodia a Lekriti sa a!

252 Men yon dam ki chita jis dèyè a isi a, dèyè m, menm jan Sarah te ye nan tant lan. L ap priye pou yon pitit fi. Leve kanpe. Pitit fi a pa isit la; li lwen, pitit fi a. E ou se menm bagay la menm jan li te ye lè yon madanm te vin jwenn Jezi, ki te gen yon madanm ki te toumante diferan fason ak yon demon. Madanm lan se . . . tifi a posede ak demon. Li pa isit la. Li soti . . . Ou soti Kawolin di Nò. Ou kwè sa? E se laverite, se pa vre? Madam Orders, ou ka al lakay ou. Si w ap kwè ak tout kè w, ou pral jwenn pitit fi w la tankou yo te jwenn li lè Jezikri nan tan pase yo, te di li te geri.

253 Jodi a Lekriti sa a; siy Sodòm lan, siy sipè Semans lan, siy legliz natirèl la! Jodi a Lekriti sa a akonpli nan mitan nou. Èske nou kwè li?

254 Èske n ap aksepte L kounye a menm kòm Sovè ak Gerisè nou? Leve kanpe sou pye nou, chak grenn nan nou, di: “Mwen aksepte gerizon m. Mwen aksepte L kòm Sovè m. Mwen aksepte L kòm Wa m.” Chak moun kanpe sou pye w.


Jou sa a! Tande, zanmi.

²⁵⁵ “Li te li Lekriti, Li te remèt Bib la bay prèt la, epi,” sa te di, “tout je moun yo te fikse sou Li. Epi Li te gade yo, epi Li te di: ‘Jodi a Lekriti sa akonpli.’”

²⁵⁶ Mwen te li Lekriti a, ak yon douzèn oswa plis prèv ke n ap viv nan dènye jou a, jenerasyon an ki pral wè Jezikri retounen sou tè a. E m di nou aswè a, ankò, jodi a Lekriti sa akonpli nan je nou.

²⁵⁷ Oumenm nan Tucson, oumenm nan Kalifòni, oumenm nan New York, sou koneksyon telefòn sa yo, jodi a Lekriti sa akonpli nan je nou.

²⁵⁸ Annou kontan epi rete nan lajwa, paske Maryaj Ayo a toupre, epi Lepouz Manzè a . . . Lepouz Li pare Tèt Li.

²⁵⁹ Ann leve men nou epi ba Li glwa, nou tout moun yo. Bondye beni nou. 

65-0219 Jodi A Lekriti Sa Akonpli
Lekòl Segondè Parkview Junior
Jeffersonville, Indiyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org